MEDICAID KI KONTWOLE SWEN POU TOUT ETA A
SÈVIS ALONTÈM
(Sèvis nan Mezon Retrèt avèk andedan lakay ou)

Chwazi yon plan pou sèvis alontèm

Byenvini nan pwogram Medicaid ki kontwole swen pou tout eta a.

Nan eta Florid la, sèvis ki kontwole swen se fason pou ou resevwa sèvis pou bezwen alontèm ou yo, Mezon Retrèt avèk sèvis andedan lakay ou ladan li tou.

Konseye de chwa Medicaid yo disponib pou yo gide'w avèk pwosès anwolman an epi reponn tout kesyon ou ka genyen. Y'ap enskri'w nan plan ke'w chwazi a e y'ap ba'w enfòmasyon enpòtan de lè plan an ap kòmanse. Tanpri chwazi youn nan opsyon ki anba a pou'w kòmanse avèk anwolman an oubyen ou kapab rele youn nan konseye chwa Medicaid yo pou plis asistans.

1) Anwole sou entènèt nan www.flmedicaidmanagedcare.com

OUBYEN

2) Pran randevou pou al wè youn nan konsewye de chwa nan kominote'w la. Ou ka rele nan 1-877-711-3662 pou kapab pran yon randevou avèk konseye de chwa a epi wè li fas-a-fas. Randevou sa a kapab fèt lakay ou oubyen yon kote ki bon pou ou.

OUBYEN

3) Rele yon konseye chwa nan nimewo gratis 1-877-711-3662; Aparèy telekominikasyon pou moun ki soud 1-866-467-4970.

Tanpri, gade lèt ki vini avèk bwochi sa a pou dwa ke ou genyen aprè ou fin anwole nan yon plan.

Lè Sant apèl la ouvè: Lendi – Jedi 8 a.m. – 8 p.m.
Vandredi 8 a.m. – 7 p.m.



ANDEDAN BWOCHI A

Medicaid ki kontwole swen an:

Chwazi yon plan alontèm 1
Etap pou'w chwazi yon plan swen alontèm 2
Fason pou'w anwole 3
Enfòmasyon de referans yo 4

January 2016

ETAP POU EDE'W CHWAZI YON PLAN SWEN ALONTÈM

1) Gade plan swen alontèm yo nan sipleman an oubyen sou entènèt la sou www.flmedicaidmanagedcare.com pou'w ka wè benefis debaz tout plan yo ofri avèk benefis anplis ke yo chak ofri.

2) Gade benefis anplis chak plan yo ofri.

3) Rele oubyen vizite yon konseye de chwa.

4) Deside ki plan sante alontèm ki pi sèvi bezwen pa'w ak pa moun ki nan fanmi'w.



Ou ta dwe konsidere kesyon sa yo lè wap eseye chwazi yon plan swen alontèm:

- Ki sèvis mwen panse'm bezwen? Asistans nan lavi? Swen pèsonèl? Gadri pou granmoun? **(Pran Nòt: Sèvis sa yo, yo rele yo tou sèvis dirèk pou doktè e yo dwe nan menm rezo ak plan yo.)**
- Ki plan ki gen sèvis dirèk pou doktè m'ap itilize kounye a oubyen mwen panse ke mwen pral bezwen.
- Eske sèvis dirèk pou doktè mwen bezwen yo nan plan sa?

Chwa Plan avèk Peryod Chanjman/Dwa'w

- Ou dwe chwazi plan an avan dat ki make nan lèt la oubyen youn ap chwazi pou ou.
- Aprè ou komanse sèvi avèk yon plan, ou gen 120 jou pou'w chanje desizyon'w epi chwazi yon lòt plan. 120 jou plan chanjman sa a kòmanse premye jou anwolman an.
- Yon fwa pa ane, w'ap gen chans pou chanje plan'w pandan dat anwolman ouvri a. W'ap resevwa yon lèt pou raple'w de sa avan dat la rive.
- Si'w pa nan dat sa yo, w'ap kapab chanje plan'w sèlman si'w kwalifye pou youn nan rezon leta deja apwove yo.

Kòmanse itilize sèvis ou avan Medicaid la apwouve

- Medicaid ki anpwosès la se yon opsyon pou'w resevwa sèvis ou ka jwenn lakay ou oubyen nan kominote'w san ou pa bezwen rete tann Depatman Timoun ak Fanmi pou yo apwouve Medicaid la.
- Si yo pa apwouve aplikasyon Medicaid la. W'ap responsab pou'w peye tout sèvis ou te resevwa yo.
- Si ou sispann sèvis w'ap resevwa lakay ou avèk nan kominote avan Medicaid la apwouve, W'ap oblije tann jiskaske ou resevwa apwouval pou Medicaid ou a avan ou ka resevwa sèvis ankò.

FASON POU'W ANROLE

Ou dwe gen nimero idantifikasyon Medicaid Florida oswa nimero kat lò a ak ane de nesans pou chak moun w'ap enskri.

Sou entènèt

Anwole a nenpòt kilè sou: www.flmedicaidmanagedcare.com

- **Etap 1:** Nan paj prensipal la, Ou ka chwazi ki lang ou pito: Anglè, Espanyòl oubyen kreyòl.
- **Etap 2:** Chwazi yon Zòn (County).
- **Etap 3:** Nan tab ki gen enfòmasyon plan yo, w'ap jwenn enfòmasyon de plan swen alontèm ki disponib pou ou nan rejyon'w lan ak tout sèvis an plis ke yo ofri.
- **Etap 4:** Selektyone bouton anwolman an epi ranpli tout enfòmasyon ke yo mande'w pou'w ranpli pou ka anwole sou entènèt la.

OUBYEN

An Pèsòn

Genyen moun ki pou asiste'w avèk anrolman'w an pèsòn avèk konseye de chwa ki disponib nan rejyon ou an.

- Rele nan 1-877-711-3662 si'w ta renmen rankontre youn nan konseye de chwa yo.
- Si'w andikape e ou pa kapab vwayaje, Yon konseye de chwa ap vin jwenn ou.

OUBYEN

Rele

- Rele konseye de chwa nan 1-877-711-3662
  Lendi – Jedi 8 a.m. – 8 p.m.; Vandredi 8 a.m. – 7 p.m.
- Aparèy telekominikasyon ke moun ki soud SÈLMAN ka itilize, Rele nan 1-866-467-4970

ENFÒMASYON POU REFERANS

Nimewo telefòn avèk sit entènèt ki enpòtan yo

Liy dirèk ki ede ak abi
(Rapòte ka oswa enkyetid nan abi, neglijans, oswa eksplwatasyon sou timoun ak granmoun ki frajil)
1-800-962-2873
Vizite: http://www.myflfamilies.com/service-programs/abuse-hotline

Ajans pou'w pote plent de administrasyon itilizatè swen sante yo
(Pote plent sou swen pasyan yo resevwa, plan sante, fasilite swen sante, oswa pou resevwa piblikasyon.)
1-888-419-3456
Vizite: http://apps.ahca.myflorida.com/hcfc/

Asèsman konpreyansyon oubyen repase sèvis swen alontèm
(Pou mande enfòmasyon apwopo de sèvis ou jwenn lakay ou oubyen nan kominote a, epi mande pou yon evalyasyon de bezwen medikal, sosyal ak sikolojik yon moun)
1-800-963-5337
Vizite: http://elderaffairs.state.fl.us/doea/cares.php

Depatman timoun ak fanmi, pou'w gen aksès lajan
(Pou mande enfòmasyon de Medicaid, koupon pou achte manje, avèk asistans ak lajan pou yon ti bout tan)
1-866-762-2237
Vizite: https://myaccessaccount.dcf.state.fl.us/Register/Register1.aspx

Depatman ki regle zafè pou mounn ki aje avèk sant resous pou moun ki andikape avèk moun ki ap vyeyi
(Pou mande enfòmasyon de travay pou granmoun, Opòtinite pou lojman, tès seleksyon pou pwogram alontèm la, avèk pwogram pou sante ak byenèt)
1-800-963-5337
Vizite: www.elderaffairs.state.fl.us/doea/arc.php

Liy dirèk ki ede avèk Mediked fwòd
(Si ou sispèk gen fwòd k'ap fèt nan Medicaid la oubyen ou ta renmen resevwa piblikasyon)
1-866-966-7226
Vizite: https://apps.ahca.myflorida.com/InspectorGeneral/fraud_complaintform.aspx

Administrasyon pou Sosyal Sekirite
(Pou aplike pou pran retrèt, jwenn sèvis pou andikap oubyen Medicare, SSI, oubyen benefis sivivan epi tou pou jwen èd avèk pri dwòg preskripsyon yo nan Medicare)
1-800-772-1213
Vizite: http://www.ssa.gov/pgm/reach.htm